

**KISA M DWE FÈ SI M GEN
VIRIS HPV KI BAY KANSÈ
NAN MATRIS LA?**

- **Si jamè doktè ta jwenn kèk vye selil nan matris ou, ou bezwen retounen nan klinik la pou trètman, se pa chè.**
- Lè w fè tès la bonè, ou gen plis chans pou w jwenn trètman. Kansè nan matris kapab geri. Se pa yon maladi ki ka touye w.
- Li enpòtan pou w ankouraje lòt fanm fè tès sa a (tès kont kansè nan matris la)

Kondisyon pou w patisipe nan rechèch la

1. Ou dwe gen pou pipiti 25 an pigwo 60 an.
2. Ou dwe gen yon semèn depi règ ou fini.
3. Fok ou pa ansent.
4. Fok doktè poko retire matris ou.
5. Fok ou gen relasyon déjà ak gason.



**KÈK BAGAY OU
BEZWEN KONNEN
SOU KANSÈ NAN
MATRIS**

Sèlman ou menm kapab konsyan de eta kò w, okenn lòt moun pap fè sa pou w.




Bati yon fanmi ki an santé, yon kominote an santé pou yon demen miyò.

KISA KONSÈ NAN MATRIS LA YE? KISA KI BAY LI?

- Kansè nan matris devlope apati de yon viris ki rele human papillomavirus (HPV) ki enfekte kòl matris la.
- Se fanm sèlman ki ka fè kansè nan matris. Malgre gason pa gen matris, men yo kab toujou transmèt viris la.
- Gason ak fanm kapab bay youn lòt viris HPV a nan kontak seksyèl.
- Ou ka enfekte avèk viris HPV a nan san w, men ou pa konnen sa. Ou pap santi viris la oswa wè li. Jeneralman, li pa gen okenn sentòm.

KÒMAN M KA PWOTEJE TÈT MWEN KONT ENFEKSYON HPV, VIRIS KI BAY KANSÈ NAN MATRIS LA?

- **Gen prevansyon pou kansè nan matris.** Pou redwi risk pou pa trape viris la, men sa pou w fè:
 - Limite kantite patnè seksyèl ou genyen
 - Mete kapòt
- Pa bliye: Si w gen viris HIV a epi tou w gen viris HPV a, ou gen plis posibilite pou w devlope ni SIDA ni kansè nan matris.



Ògan repwodiksyon feminen

KÒMAN M KA KONNEN SI M GEN VIRIS HPV KI BAY KANSÈ NAN MATRIS LA?

- Lè w fin enfekte avèk viris HPV ki bay kansè a, li kapab pran anviwon 10 zan pou l devlope.
- Sèl fason pou w konnen si w gen enfeksyon HPV a, se lè w al fè yon tès kay doktè.
- Pap tès la detekte chanjman nan kòl matris ou. Doktè a ap ensere yon ti enstriman pou pran yon ti echantiyon.
- Si viris la detekte bonè, doktè a kapab ede w pou anpeche viris sa tounen kansè. Se poutèt sa, ou dwe fè yon pap tès chak ane.

